



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 2/3/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO DEWALE NOUVO ZOUTI POU GIDE NOUYÒKÈ YO NAN TRETMAN ADIKSYON

Nouvo Pwogram Web bay tretman nan tout Eta ak kabann ki disponib nan tan reyèl

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te lanse yon nouvo sèvis ki baze sou web ki pral ede konekte Nouyòkè ki gen difikilte yo avèk tretman adiksyon. Sèvis Abi Sibstans ak Biwo Alkòl Eta New York aplikasyon [Tablo Disponibilite Kabann](#) kolekte kabann ki disponib bò kote founisè tretman twoub ak abi sibstans alkòl Eta-sètifye chak jou epi rann li disponib nan tan reyèl sou sitwèb ajans lan. Nouvo platfòm sa ap pèmèt Nouyòkè yo fasilman detèmine disponibilite kabann tretman toupatou nan eta.

"Nouvo resous sa ap ede Nouyòkè yo ki gen adiksyon pou fasilman jwenn èd yo bezwen pou kòmanse chemen rekiperasyon an," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Aplikasyon bon sans sa ap ede chanje lavi epi mete nou sou yon chemen pou yon Nouyòk ki pi fò ak pi ansante."

Tablo Disponibilite Kabann nan pèmèt Nouyòkè yo chèche sèvis nan rejyon yo, ansanm avèk kabann tretman spesifik pou laj oswa sèks. Founisè yo ap bay enfòmasyon ajou sou disponibilite kabann tretman sou yon baz 24/7. Yap mete aplikasyon an ajou byento pou enkli sèvis andeyò lopital.

Komisè Biwo Alkòl ak Sèvis Abi Sibstans Eta New York Arlene González-Sánchez te deklare, "Konekte Nouyòkè yo avèk sèvis tretman adiksyon se youn nan pi gwo priyorite nou. Mwen ankouraje tout Nouyòkè ki gen bezwen pou pran avantaj sou resous valab sa pou kòmanse wout la nan bi rekiperasyon. Tretman disponib e rekiperasyon posib."

Tablo Disponibilite Kabann se dènye adisyon nan apwòch plizyè fasèt Gouvènè Cuomo a pou adrese twoub abi sibstans nan Eta New York. Depi Gouvènè Cuomo te fin siyen pwojè lwa istorik la an lwa nan 2014 pou fè fas a kriz opyòd ak ewoyin, yo te fè anpil avans pou asire ke moun yo gen aksè a swen twoub abi sibstans yo bezwen, e ke gen sèvis ak sipò pou fanmi ansanm avèk kominote yo ki afekte pa adiksyon.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa ki gen yon paran ki gen difikilte, ka jwenn èd ak espwa lè yo rele liy HOPE Eta nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè ou tèks HOPENY (Kòd kout 467369). Jwenn yon founisè OASAS-sètifye nan

tretman twoub abi sibstans sou pajwèb [NYS OASAS Find Help](#). Vizite www.combatheroin.ny.gov pou w jwenn plis enfòmasyon sou adrese ewoyin ak abi preskripsyon opyòd, enkli yon twous Zouti Tab Kwizin pou ede kòmanse konvèsasyon an sou siy avètisman adiksyon ak ki kote pou w jwenn èd. Pou w jwenn zouti anplis pou itilize lè wap pale avèk yon jèn moun sou itilizasyon dwòg oswa minè kap bwè alkòl, vizite sitwèb [Talk2Prevent](#) Eta.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418